

Icemezo n'igisabisho vyo kuvavanura n'ububeshi

Ndagukengurukira Data kuko uri Imana y'ukuri, yuko umuco wawe ukayanganira mw'ijoro ry'umuzimagiza ntangere. Uyu musu ndahisemwo kutaba mu muzimagiza, ariko ah'ubwo kuba mu mucu wawe.

Ndagusavye imbabazi ku binyoma vyose navuze. Narahisemwo kenshi na kenshi inzira yo kuryoherwa, mpitamwo ivyoroshe, aho guhitamwo ibibereye biri mu kuri, Ndakwituyeko, Mwami wanjye ndagusaba gurtyorora umunwa wanjye uwukize kuvuga ibiteye kubiri n'Imana. Umpe umutima uhimbarwa n'ukwumva ukuri, n'umunwa wama witeguriye kumenyesha abandi ukuri.

Mpezagiza ubutwari bwo kurondera ugutekanirwa mu kuri, no kwamirira kure ibinyoma.

Uyu musu, ndahakanye ugukoresha ibinyoma mu bugingo bwanje bwa misi yose, kandi ndavavanuye na kwo.

Ndahakanye inyigisho zose za isilamu zikoreshwa mu kwerekana ko ububeshi burekuwe, harimwo na taqiyya. Mpisemwo kuvavanura n'ibinyoma n'ububeshi muri vyose na hose. Mpisemwo kubaho mu kuri.

Ndemeje yuko Yesu Kristo ari we nzira, ukuri n'ubugingo. Ndahisemwo kubaho nkingiwe n'ukuri kwiwe.

Ndemeje yuko umutekano wanjye uri muri wewe, kandi yuko ukuri kuzombohora nkaba uwidagemvya.

Ndakwituyeko unyereke, Data wo mw'ijuru, uburyo bwo kugendera mu mucu w'ukuri kwawe. Mpezagiza amajambo yo kuvuga, n'inzira yo gucamwo, ishingiyeye ku kuri kwawe.

Amina.